



10 Etap pou Natirализасyon

Konprann Pwosesis pou Vin
yon Sitwayen Ameriken



U.S. Citizenship
and Immigration
Services

M-1051-HC (5/22)



ETAP 1



Kalkile si ou deja yon sitwayen ameriken.

Ou ka vin yon sitwayen ameriken depi ou fèt oswa pa natirализашон. An jeneral, moun yo fèt sitwayen ameriken si yo fèt Ozetazini oswa si yo fèt aletranje, epi paran yo se sitwayen ameriken. Epitou, ou ka vin genyen sitwayènte ameriken an si ou te gen mwens ke 18 tan, epi te yon rezidan pèmanan legal, lè youn oswa toulede paran ou yo te natiralyze, oswa apre yon paran sitwayen ameriken te fin adopte ou.

- Èske ou te fèt Ozetazini oswa nan yon teritwa ameriken?
Si repons lan se wi, ou ka deja yon sitwayen ameriken.
- Èske omwen youn nan paran ou yo te yon sitwayen ameriken anvan ou te gen 18 tan?
Si repons lan se wi, ou ka deja yon ameriken.

SA POU FÈ:

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan Fòm N-600, Aplikasyon pou Sètifikasi Sitwayènte, oswa Fòm N-600K, Aplikasyon pou Sitwayènte ak Remèt Sètifikasi. Si ou genyen yon paran sitwayen ameriken ki se yon sitwayen ameriken swa depi li fèt oswa pa natirализашон, ou ka deja yon ameriken, oswa ou ka an mezi pou aplike pou yon Sètifikasi Sitwayènte ki baze sou sitwayènte yo. Si ou pa kwè ou se yon sitwayen ameriken depi w fèt, oswa ou pa t pran oswa jwenn sitwayènte ameriken an gras ak yon paran w, oswa paran w yo otomatikman apre ou fin fèt, ale nan pwochen etap la.

**Si ou pa yon sitwayen ameriken—
Ale nan ETAP 2**





ETAP 2



Kalkile si ou kalifye pou vin yon sitwayen ameriken.

An jeneral, ou ka kalifye pou naturalizasyon si ou gen omwen 18 tan, epi se yon rezidan pèmanan pandan omwen 5 kan (oswa 3 zan, si ou marye ak yon sitwayen ameriken) epi gen tout lòt kondisyon yo mande yo. Epitou, ou ka kalifye pou naturalizasyon an gras ak sèvis militè, ki genyen kondisyon ki diferan.

SA POU FÈ:

- Li Fòm N-400, Enstriksyon pou Aplikasyon pou Naturalizasyon ki disponib nan uscis.gov/n-400 pou ka jwenn plis enfòmasyon sou naturalizasyon ak kondisyon ke yo mande yo.
- Ale nan Sant Resous pou Sitwayènte nan uscis.gov/citizenship pou jwenn Zouti Kalifikasyon pou Naturalizasyon an, pou wè si ou kalifye pou aplike pou naturalizasyon, epi pou jwenn enfòmasyon sou pwosesis sitwayènte a, egzamen naturalizasyon an, ak tout liv ki disponib pou ede etidye.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou naturalizasyon gras ak sèvis militè, ale nan uscis.gov/military.

Kalifye—Ale nan ETAP 3



Pa Kalifye—Nou ankouraje ou aplike lè ou kalifye.



ETAP 3



Prepare Fòm N-400 an, Aplikasyon pou Natiralizasyon.

Lè ou gen tout kondisyon ke yo mande yo pou w vin yon sitwayen Ameriken, ranpli *Fòm N-400* an pou w aplike pou natiralizasyon. Ou ka kreye yon kont epi depoze *Fòm N-400* w lan sou entènèt, sa ki pèmèt ou resevwa nouvèl sou estati dosye w la, voye mesaj an sekirite, wè tout korespondans ki gen rapò ak dosye a, tcheke estati dosye w la, mete enfòmasyon pèsonèl ou yo ajou, epi voye monte sou entènèt prèv yo. Ale nan uscis.gov/n-400 pou jwenn plis enfòmasyon ak enstriksyon.

SA POU FÈ:

- Ranpli epi siyen *Fòm N-400* w lan.
- Pran 2 foto-paspò si ou rete andeyò Ozetazini.
- Rasanble dokiman nesesè pou pwouve kalifikasyon w pou natiralizasyon an.
- Verifye *Fòm N-400* w lan ak dokiman sipò yo.

Remak: USCIS ka mande plis enfòmasyon, si gen enfòmasyon ki manke nan aplikasyon w lan. Sa ap retade pwoesisis aplikasyon w lan.

Ale nan **ETAP 4**





ETAP 4



Voye Fòm N-400 an, Aplikasyon pou Natiralizasyon.

Voye aplikasyon w lan, dokiman w yo, ak lajan an nan USCIS. Si ou rete andeyò Ozetazini, voye foto-paspò ak aplikasyon w lan.

On fwa ou fin voye Fòm N-400 an, epi ou resewva yon resi ke yo jwenn li, ou ka ale nan uscis.gov pou tcheke estati ak tan ke kounyen an l ap pran pou yo travay sou aplikasyon w lan.

SA KI POU LADANN:

- Fòm N-400 an ak lajan pou sèvis anprent ak foto yo, si sa gen pou wè ak ou.*
- Fòm N-648, Papye Doktè pou Eksepsyon pou Enfim, si sa gen pou wè ak ou. Si ou ap chèche, pou pa fè an angle ak/oswa pa pran egzamen enstriksyon sivik pou natiralizasyon, selon lalwa, paske ou enfim oswa ou limite nan devlòpman, oswa yon pwoblèm mantal, voye Fòm N-648 la ansanm ak pake w lan ak prèv ke yo mande yo, ki nan lis enstriksyon nan Fòm N-400 an.*
- Voye de (2) foto-paspò si w rete andeyò Ozetazini.*

Pou ka konnen ki lòt dokiman yo mande, ale nan enstriksyon *Fòm N-400 an*. Kenbe yon kopi *Fòm N-400* ou fin ranpli a, ak nenpòt prèv sipò pou dosye pa w. Ou pwal oblige reponn kesyon sou *Fòm N-400* w lan nan entèvyou natiralizasyon w lan.

Ale nan **ETAP 5**





ETAP 5



Ale nan randevou pou anprent ak foto, si sa gen pou wè ak ou.

USCIS mande pou aplikan yo fè anprent ak foto pou yo ka tcheke si moun nan janm annafè ak lalwa pou bagay kriminel, nan Biwo Federal pou Envestigasyon (FBI). Nan kèk ka, USCIS (Imigrasyon) kapab re-itilize anprent ak foto yo te deja pran yo, pou yo fè tchek yo mande an, pou wè si moun nan janm annafè ak lalwa. Ou pwal swa resevwa yon lèt ki di ke yo te re-itilize anprent ak foto w yo, oswa, si yo bezwen nouvo anprent ak foto, ou ap resevwa yon lèt pou yon randevou pou anprent ak foto. Fòk yo tcheke tout moun ki ap aplike, pou wè si yo janm annafè ak lalwa, anvan ke USCIS fikse yon entèvyou.

SA POU FÈ:

- Resewwa yon lèt randevou ki pwal gen ladann dat, lè randevou, ansanm ak kote pou al fè anprent ak foto w yo, si sa gen pou wè ak ou.
- Rive kote yo di w lan, nan lè ki te fikse a.
- Voye anprent ak foto yo.
- Nan yon lòt dat, ou pwal resevwa yon lèt randevou pou entèvyou natirализаyon w lan.

Ale nan **ETAP 6**





ETAP 6



Fini entèvyou a.

Yon fwa yo fin fè tout premye pwosesis nan dosye w la, USCIS pwal fikse yon entèvyou ak ou. Ou dwe prezante w nan biwo USCIS la, nan dat ak lè ki nan lèt randevou w la. Tanpri, pote ak ou lèt randevou a. Li trè z enpòtan pou pa rate entèvyou w la. Si ou oblige rate entèvyou w la, swiv enstriksyon ki nan lèt randevou a pi vit posib, pou w konnen ki jan pou w kontakte biwo a, pou mande yon lòt entèvyou. Lè w mande yon lòt entèvyou, sa ka ajoute plizyè mwa nan pwosesis natirализasyon an, kidonk, fè tout sa w kapab pou ale nan dat premye entèvyou w la.

Remak: Ou dwe fè USCIS konnen si w chanje adrès apre ou fin depoze Fòm N-400 ou an, nan 10 jou apre ou fin chanje kay. Pou jwenn enfòmasyon sou jan pou depoze yon chanjman adrès, ale sou sit entènèt USCIS la nan uscis.gov/addresschange. Ou dwe fè USCIS konnen CHAK FWA ou chanje adrès ou.

Li kontinye nan pwochen panno a

Etap 6 ki kontinye de panno anvan an

KISA POU ATANN:

- Nan entèvyou a, ou pwal rankontre ak yon ofisyen USCIS, epi reponn kesyon ki nan *Fòm N-400* ou la.
- Si w ap mande yon eksepsyon medikal nan egzijans egzamen angle ak enstriksyon sivik la, pote *Fòm N-648, Papye Doktè pou Eksepsyon pou Enfim* la, si ou pa t voye li nan moman ou te depoze *Fòm N-400* ou la.
- Ou pwal pran egzamen angle a ak enstriksyon sivik la, sòf si yo egzante. Ale nan *Fòm N-400, Enstriksyon pou Aplikasyon pou Natirализаyon*, oswa uscis.gov/citizenship/exceptions-and-accommodations pou jwenn plis enfòmasyon sou egzanpsyon. Ale nan uscis.gov/citizenship, pou ka jwenn tout liv pou prepare egzamen an.
- Nan kèk ka, ofisyen USCIS la p ap kapab pran yon desizyon sou *Fòm N-400* ou la, nan jou entèvyou natirализаyon w la. Nanka sa yo, ofisyen USCIS la ap kontinye ka w la. Sa ka gen ladann ke li bezwen ou bay plis prèv, oswa l ap mande w pou w fè yon dezyèm entèvyou.
- USCIS ap voye ba ou yon lèt sou rezulta entèvyou a, apre entèvyou w la.

Ale nan ETAP 6A pou jwenn plis enfòmasyon sou yon aplikasyon ki ap kontinye.

Si aplikasyon w la ap kontinye—Ale nan **ETAP 6A**

Si aplikasyon w la resevwa yon desizyon final—Ale nan **ETAP 7**

ETAP 6A



Aplikasyon an ap Kontinye

Men sa ki plis rive, ki se rezon ki fè yo kontinye:

- Ofisyè USCIS la kalkile ke ou bezwen prezante plis dokiman, oswa prèv. USCIS ka mande w pou voye plis dokiman, l ap ba ou Fòm N-14, Demann pou Plis Enfòmasyon, Dokiman, oswa Fòm. Ou pwal bezwen bay lòt dokiman yo mande yo, pou kontinye pwoesisis naturalizasyon an.
- Ou pa pase egzamen angle a, oswa egzamen enstriksyon sivik la, oswa toulede. USCIS pwal fikse yon dat pou w retounen nan yon lòt entèvyou, nan 60 a 90 jou apre premye entèvyou w la. USCIS ap sèlman fè w repran pati egzamen (angle oswa enstriksyon sivik) ou pa t pase a. USCIS ap refize Fòm N-400 ou la, si ou pa pase egzamen yo, yon dezyèm fwa.

Ale nan **ETAP 7**





ETAP 7



Resevwa yon desizyon nan men USCIS sou *Fòm N-400 la, Aplikasyon pou Natirализasyon an.*

You will be issued a written notice of decision.

- **Apwouve**—USCIS ka apwouve *Fòm N-400* ou la, si prèv ki nan dosye a montre ke ou kalifye pou natirализasyon.
- **Refize**—USCIS ap refize *Fòm N-400* ou la, si prèv ki nan dosye a montre ke ou pa kalifye pou natirализasyon.

**Si yo apwouve aplikasyon w lan—
Ale nan ETAP 8**

**Si yo refize aplikasyon w lan—
Ale nan ETAP 7A**

ETAP 7A



Yo Refize Aplikasyon An


Ou pwal resevwa yon lèt nan men USCIS ki eksplike rezon ki fè yo refize *Fòm N-400* ou la. Si ou kwè USCIS te refize *Fòm N-400* ou a san yon rezon valab, ou ka mande yon odyans pou yo gade ankò desizyon sa a.

SA POU FÈ:

Lèt refi w resevwa a, ap gen enstriksyon ki montre jan pou mande pou yo gade ankò desizyon USCIS la; se pou depoze *Fòm N-336*, *Demann pou yon Odyans sou yon Desizyon nan Pwosedi Naturalizasyon an*. Ale nan [uscis.gov/n-336](https://www.uscis.gov/n-336) pou jwenn plis enfòmasyon. Ou **DWE** depoze *Fòm N-336* la ak kòb ke yo mande an, nan 30 jou apre dat desizyon an, *Fòm N-400* la. Si ou pa depoze yon demann pou odyans nan tan yo bay la, desizyon refi a ap definitif.



ETAP 8



Resewwa yon lèt pou fè Sèman ke w ap Kanpe ak Peyi a

KISA POU ATANN:

USCIS ap voye yon lèt pa lapòs ba ou, ki genyen dat, lè ak kote seremoni pou sèmante an gen pou l fèt. Nan kèk sikontans limite, ou ka ale nan yon seremoni pou sèmante nan menm jou ak entèvyou w la. Si ou pa ka ale nan seremoni pou sèmante nan jou USCIS te fikse pou ou a, swiv enstriksyon ki nan Fòm N-445 la, Lèt pou Seremoni Sèman Natirализyon an, sou jan pou w fè biwo USCIS, nan zòn ou an, konnen epi, mande USCIS pou li ba w yon lòt dat.

Ale nan **ETAP 9**





ETAP 9



Fè Sèman pou Kanpe pou Etazini.

Ou pa yon sitwayen ameriken jiskaske ou fè Sèman pou Kanpe pou peyi a, nan yon seremoni natiralizasyon. Se USCIS ki bay sèman an nan yon seremoni ofisyèl, oswa pa yon jij nan yon seremoni legal. Yon tribunal genyen otorite san pataj, pou fè seremoni yo nan kèk zonn USCIS.

Ou ap resewva Sètifikasi Natiralizasyon w lan apre ou fin fè Sèman pou Kanpe pou Peyi a.

SA POU FÈ:

- Ranpli kesyonè Fòm N-445 la, Papye pou Seremoni Sèman Natiralizasyon an.
- Prezante w nan seremoni sèman w lan.
- Fè USCIS konnen ke ou la.
- Yon ofisyè USCIS pwal tcheke repons ou yo nan Fòm N-445 la.
- Remèt Kat Rezidan Pèmanan w lan.
- Fè Sèman ke w ap Kanpe pou Peyi an, pou ka vin yon sitwayen ameriken.
- Resewva Sètifikasi Natiralizasyon w lan, epi reli l anvan ou kite zonn seremoni an.
Fè USCIS konnen nenpòt koreksyon ki pou fèt nan sètifikasi w la, nan moman sa a.

Ale nan **ETAP 10**





ETAP 10

Konprann sitwayènte ameriken an.

Sitwayènte, se sa ke moun genyen ansanm, ki konekte tout ameriken yo. Anba la, se yon lis kèk nan dwa ak responsabilite ki pi enpòtan pou tout sitwayen—toulede, ameriken depi ou fèt ak pa chwa—ta dwe fè, onore, epi respekte. Kèk nan dwa ak responsabilite sa yo gen pou wè ak moun ki pa sitwayen ameriken yo tou. Pandan ke kèk nan responsabilite sa yo legalman obligatwa pou chak sitwayen, yo tout enpòtan pou asire enèji kap kontinye nan peyi nou an ak demokrasi nou an.

Dwa yo

- Libète pou di sa ou panse.
- Libète pou swiv reliyon lide w di w, jan w vle.
- Dwa pou yon jijman fèt rapid, epi san patipri, pa on jiri.
- Dwa pou vote nan eleksyon yo, pou vin anplwaye leta.
- Dwa pou aplike pou travay federal ki egzije sitwayènte ameriken an.
- Dwa pou kandida pou pozisyon leta.

Li kontinye nan pwochen panno a

Etap 10 ki kontinye de panno anvan an

Responsablite yo

- Sipòte ak defann Konstitisyon ameriken an.
- Rete enfòme sou pwoblèm ki afekte kominote w la.
- Patisipe nan pwosesis demokratik la.
- Respekte ak obeyi lwa federal, leta ak local yo.
- Respekte dwa, konviksyon ak opinyon lòt moun yo.
- Patisipe nan kominote lokal ou a.
- Peye alè epi onètman, otorite federal, leta ak lokal yo, taks sou kòb ou fè ak lòt taks yo.
- Sèvi nan yon jiri, lè yo mande ou sa.
- Sèvi peyi lè li nesesè.

Resous ki Itil

Desizyon pou aplike pou sitwayènte ameriken an, se yon chwa ki depann de chak moun. USCIS genyen plizyè kalite resous edikatif pou ede ou prepare. Ou ap jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon ak egzamen, pwoesis aplikasyon an, epi liv pou ede etidye yo. Epitou, ou ka aprann plis sou dwa ak responsablite sitwayènte yo, epi jwenn yon kou sou enfòmasyon gratis, ak USCIS nan zòn ou an.

Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ozetazini (USCIS) se depatman nan gouvènman ki sipèvize imigrasyon legal Ozetazini.

[uscis.gov](https://www.uscis.gov)

Sant pou Resous sou Sitwayènte USCIS la, bay moun k ap aprann yo ak aplikan yo, yon resous pou yo ka jwenn liv sou preparasyon pou sitwayènte yo.

[uscis.gov/citizenship](https://www.uscis.gov/citizenship)

Tanzantan, USCIS òganize kou sou enfòmasyon gratis, pou publik la. Sijè yo diskite nan kou sa yo, gen ladann kondisyon sou kalifikasyon pou natiralizasyon yo, pwoesis natiralizasyon an, ak egzamen natiralizasyon an.

[uscis.gov/citizenshipsessions](https://www.uscis.gov/citizenshipsessions)

Fòm N-400, Aplikasyon pou Natiralizasyon an, se fòm ou pwal itilize pou aplike pou sitwayènte ameriken.

[uscis.gov/n-400](https://www.uscis.gov/n-400)

Si ou kwè ou deja yon sitwayen ameriken, kalkile si ou kalifye pou depoze Fòm N-600, Aplikasyon pou Sètifica Sitwayènte, oswa Fòm N-600K, Aplikasyon pou Sitwayènte ak Remèt Sètifica.

[uscis.gov/n-600](https://www.uscis.gov/n-600)

[uscis.gov/n-600k](https://www.uscis.gov/n-600k)

Pou mete adrès ou ajou ak USCIS, depoze Fòm AR-11, Chanjman Adrès.

[uscis.gov/addresschange](https://www.uscis.gov/addresschange)

Pou enfòmasyon legal:

[uscis.gov/citizenship/apply-for-citizenship/find-help-in-your-community](https://www.uscis.gov/citizenship/apply-for-citizenship/find-help-in-your-community)